Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2026 соналъул 1 июнь Рузман № 21 (7952) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Райадминистрациялда

## КIвар бугел суалал рорхана



25 маялда районалъул бетIер Шамил ГIумаровас тIобитIана районалъул идарабазул ва росдал администрациябазул нухмалъулезул данделъи.

Данделъиялда тIоцебе гIенеккана энергосбыталъул хIалтIул даража борхизаби мурадалда Севернияб Кавказалда цогояб система гIуцIиялъул ва токалъул канлъиялъухъ кьолеб гIарцул тарифазулъ гьарулел хиса-басиязул бицун кIалъазе вахъана энергосбыталъул районалда бугеб отделалъул нухмалъулев Шагьрурамазан Расулов.

Данделъиялда хал гьабуна КIудияб Бергьенлъиялъ 81 сон тIубай кIодо гьабун районалда тIоритIарал тадбиразул хIасилазул.

-Кидаго гIадин, исанаги Бергьенлъиялъул Къо районалда лъикIаб хIадурлъигун тIобитIана, лъикI ана байрамалъул официалияб бутIа, росдал майданал ва спортивиял тадбирал. Гьеб бихьулеб букIана маданияталъул КIалгIаялда ва стадионалда ракIарарал гIадамазул гIемерлъиялъ. Хасаб берцинлъи кьуна байрамалъе гьениб гIахьаллъараб анцIила ункъо росдал администрациялъ гIуцIарал майданаз.

КамичIого гIоларел рахъалги. Кидаго гIадин, тохлъи бичана музыкалияб аппаратура




хIалтIизабиялъулъ,- ан абуна Шамил ГIумаровас.

Байрам тIобитIиялъул гIуцIиялъул комитеталъ, киналниги рахъазул хIисабги гьабун, тIоцебесеб бакI кьуна ГъоркъгIакъвари росдал майданалъе, кIиабилеб бакIалде ккана тIадгъакварисезул ва хуштадерил майданал, лъабабилеб бакIалда гIей гьабуна тIиндадерил майданалъ. Бергьарал ва гIахьаллъи гьабурал майданал кIодо гьаруна гIарцулал сайгъатаздалъун ва грамотабаздалъун.

Армиялде гIолохъаби ахIиялъул суалгун кIалъазе вахъарав районалъул рагъулав комиссар МухIамадрасул Расуловас бицана ихдалил призывалъул иналъул хIакъалъулъ. Гьеб рахъалъ ТIадгъакквари росдал администрациялъ гьабулеб хIалтIуе лъикIаб къимат кьуна рагъулав комиссарас.

Призывалъул суалалда свверухъ гIадамазда гьоркьоб гьабулеб бичIчIикьеялъул хIалтIул даража борхизабизе ккелин абуна районалъул бетIерас.

Пачалихъияб Думаялде ва Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялде «Цогояб Россия» партиялъул депутатлъиялде кандидатазе цебеккунго гьаракь кьеялъул бицун кIалъай гьабуна райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадовас.



Данделъиялъул ахиралда кIалъазе яхъана социалияб рахъалъ кидаго районалъе кумекалъе ятулей, гурхIел-рахIмуялъул фонд гIуцIарай нилъер ракьцояй Гулишат НурмухIамадова. Гьаб нухалъ гьелъ районалде бачIана хIажалъи ккаразе бикьизе кванил нигIматазул 50 сумка. Пайда бугеб ишалъулъ гьабулеб лъикIаб кумекалъухъ Гулишат НурмухIамадовалъ гIумра тIубазе ине сертификат кьуна МухIамадов ГIумарие.

Данделъиялъул ахиралда Шамил ГIумаровас кIудияб баркала загьир гьабуна Гулишатие районцояздехун бугеб лъикIаб бербалагьиялъухъ.

**ГIубайдула Малачдибиров**

Ахирисеб цIумур

## Къо-мех лъикI, школа!

26 маялда районалъул школазда тIобитIана цIалдохъабазе рекIее асар гьабулеб байрам. Исана районалъул школазда 367 выпускникасе кьабуна ахирисеб цIумур. ЦIалдохъабазда гьеб рохалилаб къо баркизе росабалъе щвана райадминистрациялъул ва лъайкьеялъул управлениялъул вакилзаби. Байрамалъулаб къагIидаялъ къачIарал школалъул данделъабазул залазда ва азбаразда тIоритIана байрамалъулал тадбирал. Радалго гьенире ракIарана берцинго ретIа-къан выпускникал, тIоцебесеб классалъул цIалдохъаби, учительзаби ва цIалдохъабазул улбулгун умумул.




**Агъвали.** Агъвали гимназиялъул выпускниказда ахирисеб цIумуралъул байрам баркизе вачIун вукIана районалъул бетIер Шамил ГIумаров. Баркиялъулаб калам гьабулаго, Шамил ГIумаровас выпускниказдехун гьабуна хитIаб, гьарана гьезие пачалихъиял экзаменал кьезе къуват ва битIккей, хадусеб гIумрудул нух тIаса бищизе талихI ва рохел.

Гьединго баркиялъулал кIалъаял гьаруна лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулесул ишал тIуралев МухIамадхIабиб Ах1мадовас ва Агъвали гимназиялъул директор Муслим ВахIидовас. Жидее лъайгун тарбия кьеялъухъ учительзабазе баркала кьун кIалъазе рахъана выпускникал. ХIалтIулъ ва цIалулъ рихьизарурал лъикIал хIасилазухъ гимназиялъул администрациялъ грамотабаздалъун ва гIарцулал сайгъатаздалъун кIодо гьаруна учительзаби ва цIалдохъаби.

Байрамалъе ахир лъолеб лахIзатлъун букIана выпускниказе ахирисеб цIумур кьаби ва тIоцебесеб классалъул цIалдохъабаз гьезие сайгъатал гьари.

**Гьигьалъ.** Рохалилаб ахIвал-хIалалда кьабуна 26 маялда ахирисеб цIумур Гьигьалъ гьоркьохъеб школалъул 11 классалъул щуго ва 9 классалъул анцIила кIиго выпускникасе.



ЦIалдохъабазда ва учительзабазда байрам баркизе рачIун рукIана райадминистрациялъул вакилзаби. Рохалилаб тадбир рагьана школалъул директорасул заместитель Пазилат ХIажидибировалъ. Выпускниказда байрам баркун кIалъазе рахъана школалъул директор МухIамад МухIамадкеримов, лъайкьеялъул управлениялъул методист МухIамад ХIажиев, районалъул финансовияб отделалъул нухмалъулев Арсен Сажидов, халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулеб районалъул централъул нухмалъулев Завурбег ЖахIпаров. Эбел-инсул рахъалъан байрам баркун кIалъазе яхъана ПатIимат Нажибулаева. Гьединго баркиялъулал кIалъаял гьаруна выпускниказ.

КIалъаяздаса хадуб рохалилаб ахIвал-хIалалда выпускниказе кьабуна ахирисеб цIумур.

Данделъиялъул ахиралда цIалул церехъабазе ва цо-цо учительзабазе кьуна грамотабигун гIарцулал сайгъатал.

**Къо-мех лъикI, байбихьул школа!**

# Цо лахIзатгIан хехго араб ункъо лъагIел

**Районалъул школазда тIобитIана «Къо-мех лъикI, байбихьул школа!» байрам**



Цо лахIзатгIанги хехго боржана сон-церекъад хIинкъадго школалъул азбаралдегун классазде галаби чIвалел рукIарал тIоцебесеб классалъулазул цIалул ункъо сон. Кодор тIугъдузул квацIабигун, мугъзада ран сумкабигун, рахъ-рахъазде хIинкъадго ралагьулел бералгун, къахIан ккун эбел-инсул квералгун нуцIихъан раккулел рукIарал гьел руго байбихьул школалъул «чIахIиял классал»: 4«А», 4«Б», 4«В», 4«Г» -жакъасел 1-3 классазул «командирал». Жакъа гьел руго цIалул ва спорталъул рахъалъ цогидазе мисалиял цIалдохъабиги, районалъул ва республикаялъул даражаялда тIоритIарал батIи-батIиял олимпиадабазулгун къецазул призералгун чемпионал, диниябги дунявиябги цадахъ бачине хIаракат бахъулел лъимал-церехъаби. (Тадбир байбихьилалда цебе, цо-цо цIалдохъабаз «Ла хIавла вала къувата илла биллагь», лъачIого цоцада тункун, кIутIун ани, «Унтанищ, тIаса лъугьа дидаса» абидал, хIайранлъиялъ магIу хулааралги ккана улбул).



«Кибе араб лъимерлъи, кинал шагьаразде?»-ян ахIула цо кочIолъ. Гьелъухъего, лъимерлъи байбихьул школалдаги тун, чIахIиял классазде рахана ункъабилеб классалъулал. МугIалимзабаз абухъего, чIахIиял классазде чIахIиял лъималлъунги рахъун, лъимерлъиги нахъе тун. РатIалъи кидаго букIуна рекIее асар гьабулеб, гIемерисеб мехалъ пашманлъиялъул магIу хулулеб «тадбирлъун». Гьебго букIана байрамалдаги: магIу хуличIев чи хутIичIо: учительзаби, улбул, лъимал.

ХIажимухIамадова ПатIимат-4«А», Закарьяева ПатIимат-4 «Б», МухIамадова Написат-4 «В», ХIайбулаева ХIалимат-4 «Г»-кIиго къоялъ халатрахъана рохелги пашманлъиги жубарал асаразул ратIалъиялъул байрамал Агъвали гимназиялъул байбихьул школалда. Цоялдаса цо лъикIаб, гIемерал соназ ракIазулъ хутIулел цере рахъинал гьаруна ункъабго классалъ 20-50 сониде бахинегIан педагогикияб хIалбихьи бугел захIматалъул ветеранал, лъайкьеялъул отличникал-мугIалимзабазул нухмалъиялда гьоркь. Гьединал мугIалимзабазул классазда батIайиса букIине ресги гьечIо.

ГIемерал хинаб рещ-бакъалъул рагIаби абуна мугIалимзабазул ва школалъул нухмалъиялъул рахъалъ умумуз ва ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна гьезие жидер лъималазе тарбия-лъай кьуралъухъ, ункъо соналъ гьезие эбел хисаралъухъ. Дирго школалдаса бугеб чIухIиялъул асаралъ кверде йосана дунги гьезул кIалъаяз, хасго райбольницаялъул тохтур Иляс Якъуповас жиндир васасул учитель ХIалимат ХIайбулаевалъул хIакъалъулъ бицунаго, Москваялда бетIералъе операцияги гьабун жиндир вас вегун вукIараб больницаялъул тохтурзабаз Агъвали гимназиялъе ва васасул учителалъе кьураб тIадегIанаб къиматалъул бициндал.

ЦIалдохъаби-анкьгъунараз кIудияб махщалида рикIкIана ва ахIана гIемерал кучIдул ва махсародул частушкаби, гьаруна магIарул кьурдаби, рихьизаруна школалъул гIумруялда хурхарал инсценировкаби. Баркала гьезул классазул нухмалъулезе, кIудияб хIалтIи гьабун бугоан гьез церерахъиналде хIадурлъизе. Киназего рекIее гIуна лъималазул артистлъи. Музыкант Асадула МухIамадовасул «До, ре, ми, фа, соль, ля, си» гIадада биччан гьечIо цIалдохъабаз-бакъаналда рекъон ахIана кучIдул, церенахъе ккечIого, гьаруна кьурдаби.

Киналго цIалдохъабаз баркала загьир гьабуна школа жидер кIиабилеб рукъалъун лъугьине хIаракат бахъарал тIоцересел галаби-прописазда цIарал тIоцересел хIуччалгун тетрадазда хьварал тIоцересел тарихалгун хIарпал, Азбукаялдаса цIаларал тIоцересел гьижабиги нахъа тун, тIоцебесеб диплом щвей ккола байрам. Ункъо соналъ цо-цоккун нахъе тараб лъайкьеялъул гьундузде тIамурал галабазул ункъо хIокI ккола нужер гьенибе гьабураб



жидерго хириял тIоцересел мугIалимзабазе.

-Нижее нужедаса, нужее ниж рокьулеблъи кидаго лъалаан,-ян букIана щивасул мацIалда калам. -Баркала нужее, нижер гьайбатал, рокьулел мугIалимзаби! Нижеда нуж киданиги кIоченаро! Лъала, щуабилеб классалде ниж раханиги, нижеда хадуб нужер ракI букIине букIин, чанги малъахьвай гьабизеги, ургъел бикьизеги ниж нужехъе рачIине рукIин. Нижеца хIаракат бахъила нужер божилъи ритIухъ гьабизе.

Гимназиялъул директор Муслим ВахIидовас, байбихьул классазул завуч ПатIимат ГIабдусаламовалъ, ГИБДД-ялъул нухмалъулесул ишал тIуралев ГIабдурах1ман ГIабдурахIмановас, спорталъул ва гIолилазул ишазул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасировас баркана ункъабилел классазул учительзабазда ва цIалдохъабазда цIалул болъабазул тIоцебесеб хIокI нахъа тей, баркала загьир гьабуна сундулъго мугIалимзабазегун цIалдохъабазе кумек гьабурал эбел-инсуе, гьарана гьезие лъикIабщинаб ва тIадчIей гьабуна гIумруялъе хIинкъи гьечIеб къагIидаялда риидалил каникулал тIамиялда, нухазда берцинго хьвадиялда.



-Жакъа гьаниб жаниб рохелги пашманлъиги жубараб ахIвал-хIал буго. Рохалилаб, щай гурелъул лъайкьеялъул сапаралъул тIоцебесеб рещтIен. Цебе буго жеги цоязе щуго, цогидазе анкьго хIокI ва нуж рукIина гимназиялъул иргадулал выпускниказул кьерулъ. Нижер заманалда институтазда цIалун гурони щоларел дипломал щолел руго жакъа нужее. Гьел ккола цIалул гIумрудул тIоцебесеб лъалхъи (остановка) нахъе теялъул нугIзал,-ян абуна жиндирго кIалъаялда Муслим ВахIидовас.



-Дагьабго пашманлъиялъул асарги хутIулеб бугоха ункъо соналъ нужгун йикIарай учительницаялъулгун ва нужер кIиабилеб рукъалъун лъугьараб классалъулгун къо-мех лъикI гьабулеб букIиналъ. Амма лъала, щуабилеб классалде раханиги, нуж чанги рекеризе рукIин нужерго ПатIимат ГIабдусаламовналъухъегун ПатIимат Закарьяевналъухъеги, Написат МухIамадовналъухъегун ХIалимат ХIайбулаевналъухъеги нужерго тIоцересел асаралгун цIияй харбал рицине, гIакълу бикьизе. ГIадада гурелъул нужеда учительницаялъги завучалъги абураб, гьаб корпусалъул нуцIби нужее рагьарал руго. Нух битIаги, хирияв цIалдохъаби, нужее гIелмудул болъабазул хIокIал квегъизе. Гьарула сахаб гIумруги, талихIгун рохелги, ракълилаб зобги.

Цо лахIзатгIанги хехго араб цIалул ункъо соналда жаниб лъимал лъугьана цолъараб, гьункараб коллективлъун, «Цо-киназего гIоло, киналгоцоясе гIоло» абураб ахIиялда гьоркь цо хьизанлъун. МагIил бералги рецIцIун «тIезаруна» мугIалимзабаз жидедаго сверухъа лъимал: щибаб лъимералъ кьураб чIоло бухьарал тIугьдул, мугIалимаз чIологи кьотIун, «Нух битIаги лъаялъул ханлъиялде»-ян «регIана» выпускникал 5-леб классалде рахъине хIадурлъизе сапаралъ.

Байрамалда дипломал гурелги, цIалул отличниказе кьуна тIоцебесеб ва кIиабилеб даражадул медалал, олимпиабаздагун спортивиял къецазда бергьиналъухъ дипломалгун гIарцулал сайгъатал. РукIана сайгъатал спонсоразул рахъалъанги. Гьединго грамотабаздалъун кIодо гьаруна ункъабго соналъ классалъул гIумруялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабурал цIалдохъабазул эбел-эмен.

Гимназия лъугIун лъабкього сонидасанги кIочонарел лахIзаталги гIахьаллъаразул ракIазулъ тун, байрам ахиралде щвана. Лъимал жеги гIемералъ мугIалимзабазда сверухъ лъугьун, ратIалъизе бокьуларого рукIана. Ва амма… ва амма, щвана ратIалъулеб ва рахъ-рахъазде гьел рикьулеб лахIзатги. Гьезул риидалил каникулал, цIалулъ цIилъабигун цIияб гIумру, батIи-батIиял мугIалимзабазулгун цIиял предметал-дарсалгун дандчIвай, цIи-цIиял бергьенлъабигун лъикIабщинаб жеги цере руго.

Къо-мех лъикI, гьитIинал выпускникал!

ТалихIаб, баракатаб батаги лъайкьеялдегун тIахьазул гьундузде галаби тIамулеб цIалул хадусеб нухги.

**Хадижат Залимханова**

**Разъяснение врача**

# Профилактика эндокринных заболеваний

В последние годы частота эндокринных заболеваний растёт-это касается и патологий щитовидной железы, и сахарного диабета, и других серьёзных нарушений. Разберёмся, почему так происходит и как защитить своё здоровье.

**Что такое эндокринные заболевания?**

Это группа патологий, при которых нарушается работа желёз внутренней секреции. Эти железы вырабатывают гормоны - вещества, регулирующие работу всего организма: обмен веществ, рост, репродуктивные функции, эмоциональное состояние и многое другое.

Когда выработка гормонов отклоняется от нормы, страдают разные органы и системы: гипофиз, надпочечники, щитовидная и паращитовидные железы, яичники, поджелудочная железа. Основные причины эндокринных нарушений.

К развитию таких заболеваний могут привести инфекционные заболевания, наследственный фактор, хронические заболевания других органов и систем, сердечно-сосудистая недостаточность, хирургические вмешательства, приём ряда препаратов.

**Как распознать проблему?**

Эндокринные болезни часто «маскируются» под другие недуги. Человек может годами не догадываться о сбое в работе эндокринной системы. На начальных стадиях пониженная выработка гормонов проявляется вялостью и апатией, быстрой утомляемостью и сонливостью, перепадами настроения.

По мере развития заболевания, могут появиться выпадение волос, сухость кожи, мышечные и суставные боли, снижение памяти и концентрации внимания, беспричинный набор веса, отёки на конечностях и лице, понижение артериального давления, у женщин - сбои менструального цикла, вплоть до бесплодия.

Например, гипотиреоз часто списывают на усталость или стресс, а сахарный диабет может долго оставаться незамеченным пока не возникнут осложнения в виде поражения почек или ухудшения зрения.

**Профилактика: как снизить риски?**

Лучшая защита - здоровый образ жизни. Вот ключевые правила:

1. Полноценное питание. Включите в рацион йодсодержащие продукты. Особенно важна йодированная соль: 4-5 г в день обеспечивают рекомендованную норму йода (150-200 мкг/сут). Это помогает предотвратить нарушения работы щитовидной железы и поддерживает здоровье нервной системы, особенно у детей.

Йодированная соль - это обычная поваренная соль (хлорид натрия), в которую добавлены йодид или йодат калия.

2. Отказ от вредных привычек. Курение и алкоголь вызывают интоксикацию и запускают патологические процессы в организме.

3. Управление стрессом. Избегайте хронического стресса и чрезмерных физических нагрузок.

4. Качественный сон. Спите не менее 7 часов в сутки - это важно для эмоционального равновесия и гормонального баланса.

5. Приём витаминов. По согласованию с врачом можно принимать витаминно-минеральные комплексы для поддержки эндокринной системы.

Помните! Забота о здоровье начинается с малого: сбалансированное питание, режим дня и внимание к сигналам организма помогут сохранить работу эндокринной системы стабильной на долгие годы.

При появлении тревожных симптомов обязательно обратитесь к врачу - ранняя диагностика и лечение значительно повышают шансы на полное восстановление.

**Марьям Магомедова,** врач-эндокринолог

# Меры социальной поддержки, предусмотренные законодательством для семей, женщин и детей

В целях социальной поддержки семей, женщин и детей ГКУ РД УСЗН в МО «Цумадинский район» оказывает следующие услуги:

**выдаются справки:**

о статусе многодетной семьи- в статус многодетной семьи входят семьи с детьми до 18 лет, а также после внесённых изменений (Постановление РД № 100 от 9.04.2024 г.) до 23лет, если они учатся на очной основе;



о признании семьи и одиноко проживающего гражданина малоимущими для получения ими социальной помощи и иных мер социальной поддержки;

на получения социальной стипендии детьми, обучающимися в высших и средних учебных заведениях из числа семей, получающих государственную социальную помощь;

**осуществляет выплаты:**

ежемесячная денежная выплата по оплате жилого помещения и коммунальных услуг многодетным малоимущим семьям, в размере 30%;

единовременные денежные выплаты семьям при рождении детей: пятого и каждого последующего ребенка и одновременно двух детей в размере 20 тысяч рублей , при рождении одновременно трех детей в размере 100 тысяч рублей, при рождении десятого и каждого последующего ребенка в размере 300тысяч рублей в соответствии с Указом Президента Республики Дагестан «О дополнительных мерах социальной поддержки семей с детьми» №71 от 31.05.2007г.;

единовременная денежная выплата в размере 2555 руб. малоимущим многодетным семьям, где имеются дети ,поступающие в первый класс на каждого ребенка. Данная выплата не предоставляется детям, находящимся на полном государственном обеспечении, под опекой (попечительством) или в приемных семьях;

социальное пособие на погребение умерших, которые подлежали обязательному социальному страхованию на случай временной нетрудоспособности и в связи с материнством и не являлись пенсионерами , а также в случае рождения мертвого ребенка по истечении 154 дней беременности в размере 8.370 руб;

С 2023 года малоимущим многодетным семьям предоставляются субсидии на покупку и установку газоиспользующего оборудования, проведение работ при газификации (догазификации);

С 2023 года в республике введено ежемесячное пособие на ребенка в возрасте от 17 до 18 лет ,обучающегося в общеобразовательной организации, из малоимущей многодетной семьи в размере 942 рубля .Также осуществляется компенсация стоимости обучения детей из многодетных семей по образовательным программам среднего профессионального образования на платной основе, компенсация предоставляется в размере 30% от стоимости обучения - на детей на многодетных семей, имеющих 5 и более детей ,и в размере 20%-на детей ,имеющих менее 5 детей;

Имеют право на транспортное средство (микроавтобус) однократно малоимущие многодетные семьи в случае рождения (усыновления) десятого и каждого последующего ребенка с 2022 года ,если возраст старшего ребенка не превышает 23 лет;

С 2024 года больные фенилкетонурией дети получают компенсацию 50% затрат на специальное питание до 10тыс. рублей .Право на выплату имеют родители, чьи дети с этим заболеванием проживают с ними.

Осуществляется государственная социальная помощь семьям с детьми, оказавшимся в трудной жизненной ситуации на основании социального контракта. Государственная социальная помощь по контракту можно использовать в нескольких направлениях: открытие собственного дела - это может быть малый или средний бизнес ,который поможет людям обрести устойчивый источник дохода, это - создание личного подсобного хозяйства и по поиску работы. Также социальный контракт направлен на помощь семьям в выходе из тяжелой жизненной ситуации, связанной с низким уровнем дохода, безработицей или другими сложными ситуациями жизни.

**Магомед Магомедов,** ВрИО директора УСЗН

**Динияб бокӀон**

# Кидаго гьабизе рес бугеб

**ХӀурматиял бусурбаби, гӀадада унеб заман машгъул гьабизе бищунго рекъараб жо ккола Аллагь рехсей. Гьелъул хӀакъалъулъ рачӀарал гӀемерал аяталгун хӀадисалги руго. Гьеб зикру буго кинаб хӀалтӀи гьабулеб бугониги, щибго квалквал ккечӀого гьабизе бегьулеб жо.**

Нилъер гӀемерисеб мех уна гӀадада, щибго лъикӀаб гӀамал гьабичӀого. Кидаго как базеги нилъехъа бажаруларо, гьединго кӀал ккунги лъугьунаро, гӀемер кьезе садакъаги букӀунаро. Бищунго нилъее бигьаяб гӀибадат ккола Аллагь рехсей. ТӀабаранияс бицараб хирияб хӀадисалда буго: «Нужеца Аллагь рехсе гӀадамаз мажнун ругин абизегӀан», - ян.

ГӀадамазда гьоркьоб букӀуна хабар цо пуланав чиясул бетӀер сверарабгӀадин бугин, кидаго мажгиталъув, чӀумал цӀалулев вукӀунин абун. Гьеле гьеб бугоха хӀадисалда бицараб къагӀидаги.

Дунялалъул цо хъулухъалда хадув лъугьарав яги боцӀи-магӀишат балагьулев чиясдаги цоги батӀияб жо бихьуларо жиндирго мурад гурони. Гьеб нилъедаги халлъула, лъиде аскӀове кканиги жиндирго мурадалъул гурони бицен гьабуларо гьес. Гьеб къагӀида ккола жиндир мурадалда жанив мажнунлъун ккей.

Дунялалъул ишазда гьорлъ паналъулев нилъ Аллагь рехсеялъуть паналъи гӀадаб жолъун бихьулеб буго киназдаго.

ЦӀакъго хирияб буго жинда сверун гьапулал гӀадамал ругеб бакӀалда Аллагь рехсей. Хирияб хӀадисалда буго: «Гьапулал гӀадамазда гьорлъ Аллагь рехсолев чи релълъун вуго рагъдаса тӀурулел гӀадамазда гьорлъ вугев вагъулесда. Гьапулал гӀадамазда гьорлъ Аллагь рехсолев чи релълъун вуго бецӀаб рокъоб бакараб чирахъалда. Гьапулал гӀадамазда гьорлъ Аллагь рехсолев чи релълъун вуго гӀурччинаб гьотӀода, жинда тӀаса тӀамах гъурал гьутӀбузда гьорлъ. Гьапулал гӀадамазда гьорлъ Аллагь рехсолев чиясул мунагьал чурула кинавго гӀажамиявгун пасихӀасул къадаралда», - ян.

Цоги хӀадисалда буго: «Нужеца Аллагь рехсе мунапикъзабаз рияъчагӀи ругин абизегӀан», - ян.

Цоги халкъалда гьоркьоб, цӀакъго цӀакъ мунапикълъиялъул гӀаламатал ругезда гьорлъ чӀумал кодор ккурал, зикру бачунел гӀадамал рихин. Гьезде гӀайибги гӀунтӀизабула рихьдае жо гьабулел чагӀиянги абун. Гьедин мунапикъзабаз абизегӀан Аллагь рехсеян абулеб буго Бичасул Аварагас (гӀ.с.в.).

* * *

# Алжан щвезе рес

**Аби буго, чӀужу лъикӀасул бащдаб дин цӀунарабин абураб. Росасул бащдаб дин цӀунарайлъун йикӀин чӀужугӀаданалъе кӀудияб даража буго. КӀудияблъунги кин букӀинареб, дунялалда йигебгӀан мехалъ гьесул иш баракатго иналъе хӀалаеги йигей, хун хадуй жийго алжаналде ккеялъе сабаблъунги гьеб иш букӀаго. Росасул разилъи - Аллагьасул разилъийин батула хӀадисазда.**

Аварагас (гӀ.с.в.) бицун буго дунялалда бугелъул бищун лъикӀаб кколин ритӀухъай чӀужуйин абун. Жиндир умматалъул бищун лъикӀал руччаби рехсолаго Аварагас (гӀ.с.в.) абун буго, гьел ругин жидехъ магъари тӀалаб гьабулаго дагьалда къокълъун чӀолел ва росасе ракӀ рагьун рази рукӀунел руччабийилан.

Руччабазе малъа-хъваял гьарулаго, Гьес кутакаб кӀвар кьолаан гьез жидер росал рази рукӀунеб гӀамал гьабиялде, гьел кантӀизарун. ХӀусайн ибну МихӀсан абурав чияс бицунеб буго, жиндир ункъгӀалалъ абунин: «Цо нухалъ пуланаб къваригӀелалъ Аварагасухъе (гӀ.с.в.) щведал, Гьес дида цӀехана: «Дур рос вугищ?» - абун. «Вуго», - ян дица абидалги, Аварагас (гӀ.с.в.) цӀехана: «Кинаб хӀал бугеб нужеда гьоркьоб?» - абун. Дица абуна: «Я Аллагьасул Расул, дихъа бажарараб дица гьесие гьабула», - ян. Цинги Аварагас (гӀ.с.в.) абуна: «…Мун цӀодорго йикӀа, рос вуго дуе Алжанги жужахӀги», - абун. (ХӀаким)

Дунялгун ахираталъул ургъел бугей чӀужугӀаданалъ хӀаракат бахъизе ккола росасул разилъи, гьес малъараб (диналдаса бахъун ккоялареб жоялъуль) гьабун хьвадизе. Гьеб буго чӀужугӀаданалъе бигьаяб нухги Аварагас (гӀ.с.в.) рехсараб Алжан щвеялъе сабабги.

Цоги, хӀисаб гьабе Умму-Саламатица бицараб хӀадисалда абулелъул. Гьелъ бицана Аварагас (гӀ.с.в.) абунин: «Алжаналде лъугьине йиго, дунялалда йигебгӀан заманалъ жиндаса рос рази вукӀарай чӀужугӀадан». (Тирмизи)

ГӀакъилай чӀужугӀаданалъ жиндие бигьаяб тӀасаги бищила. Гьебги буго кинабниги ишалъуль, абулелъуль, малъулелъуль, гьабулелъуль рос витӀаравлъун, жиндир бетӀергьанлъун, цевехьанлъун гьави. Гьеб хӀал чӀужугӀаданалъ цӀунани, гьей йикӀуна хӀадисазда рехсараб мутӀигӀлъи жиндилъ бугелъул. Цинги мутӀигӀлъиги лъугьуна гьелъие Алжан щвеялъе аслияблъун.

Гьединлъидал, росасе арай щияй чӀужугӀаданалъ пикру гьабе бигьаяб нухалдалъун Аллагьасул разилъи батизе бугелъул.

Кидаго гуро нилъее бокьухъе лъугьунеб, захӀмалъи гьечӀого букӀунаро, амма берцинаб куцалда бачине лъани, малъулелдаса хӀисаб гьабун дарсги босани, рекъараб хӀал лъугьуна, бигьалъиги бачӀуна.

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

Колонка прокурора

## Больничный лист при карантине в детском саду

Больничный лист с кодом 03 «карантин» формируют в случае введения главными государственными санитарными врачами и их заместителями в соответствии с законодательством Российской Федерации в области санитарно-эпидемиологического благополучия населения ограничительных мероприятий (карантина) в организации, которую посещает (в которой находится) ребенок (п. 3 ч. 1 ст. 5, ч. 6 ст. 6 Федерального закона от 29.12.2006 № 255-ФЗ «Об обязательном социальном страховании на случай временной нетрудоспособности и в связи с материнством», п. п. 52, 53 Условий и порядка формирования листков нетрудоспособности в форме электронного документа, утвержденных приказом Министерства здравоохранения Российской Федерации от 23.11.2021 № 1089н).

Больничный лист формирует лечащий врач или врач-инфекционист на весь период карантина на основании копии приказа дошкольной организации, либо справки Роспотребнадзора.

За листком нетрудоспособности может обратиться только один из родителей.

Родитель ребенка-школьника не сможет получить больничный лист в связи с карантином независимо от возраста ребенка. Также не получится его оформить в случае, если ребенок ходит в детский сад, но ему уже исполнилось 7 лет.

В таких ситуациях работник может взять ежегодный оплачиваемый отпуск или отпуск за свой счет, временно выполнять работу на дому или на условиях неполного рабочего времени.

В установлении последнего работодатель не вправе отказать, если ребенку менее 14 лет.

Больничный лист в связи с карантином как взрослого, так и ребенка, посещающего детский сад, оплачивается в обычном порядке.

Пособие по временной нетрудоспособности назначается и выплачивается Социальным Фондом России, начиная с первого дня временной нетрудоспособности за весь период нетрудоспособности (пп. 3 ч. 1 ст. 5, ч. 3 ст. 3 Федерального закона от 29.12.2006 № 255-ФЗ).

Временная нетрудоспособность в связи с карантином не является основанием для продления или переноса отпуска (письмо Минтруда России от 09.04.2020 № 14-2/В-393).

**А.Гасанов**, помощник Ботлихского межрайонного прокурора

## Особенности направления работников в служебные командировки

С 1 сентября 2025 года вступило в силу постановление Правительства РФ от 16.04.2025 № 501, которым утверждены особенности направления работников в служебные командировки.

Работники направляются в командировки на основании письменного решения работодателя для выполнения в определенный срок служебного поручения вне места постоянной работы.

Поездка работника, направляемого в командировку в обособленное подразделение (представительство, филиал), находящееся вне места постоянной работы, также признается командировкой.

Поездки работников, постоянная работа которых осуществляется в пути или имеет разъездной характер, командировками не признаются.

Срок командировки определяется работодателем с учетом объема, сложности и других особенностей служебного поручения.

Днем выезда в командировку считается дата отправления поезда, самолета, автобуса или другого транспортного средства от места постоянной работы командированного, а днем приезда из командировки - дата прибытия указанного транспортного средства в место постоянной работы.

При отправлении транспортного средства до 24.00 часов включительно днем отъезда в командировку считаются текущие сутки, а с 00.00 часов и позднее - последующие сутки. В случае, если станция, пристань или аэропорт находятся за чертой населенного пункта, учитывается время, необходимое для проезда до станции, пристани или аэропорта. Аналогично определяется день приезда работника в место постоянной работы.

Вопрос о явке работника на работу в день выезда в командировку и в день приезда из командировки решается по договоренности с работодателем.

**К.Загидиев**, помощник Ботлихского межрайонного прокурора

Эркенаб гугари

## ЦIумадисезул лъабго меседил медаль

23 маялда Каспийск шагьаралда ГIали ГIалиевасул цIаралда бугеб спортивияб КIалгIаялда тIобитIана эркенаб гугариялъул рахъалъ Дагъистаналъул ва Североияб Осетия-Аланиялъул гугарухъабазда гьоркьор къецал.

79 кг. цIайиялда Акнадаса АхIмад ГIумаровас 3:0 хIисабгун рецIел босана Европаялъул щуцIул чемпион Теймураз Салказановасдаса.

92 кг. цIайиялда Инхокъвариса Аманула ХIажимухIамадовас, кIиабилеб периодалъул бащалъиялдаса 8:2 хIасилгун Дагъистаналъул гугарухъабаз гьениб ракIчIараб бергьенлъи босана. Дагъистаналъул командаялда цеве вахъарав нилъер районалъул ункъо гугарухъанасул лъабгоясе щвана меседил медаль.

65 кг. цIайиялда 10:0 хIисабгун бергьана Метрадаса Башир МухIамадов.

хадуб унго-унгоял гъужумалги гьарун, 10:6 хIисабгун босана бергьенлъи.



**Сураталда:** Дагъистаналъул гугарухъаби греказулгун румазул гугариялъул рахъалъ олимпиялъул хIаязул щуцIул чемпион кубаялъулав Михаин Лопесгун.

Газпром

## Дагестанцы сократили начисления за газ

Благодаря улучшению дисциплины потребителей газа по передаче показаний со счётчиков, в республике складывается тенденция по снижению объёмов нормативных начислений за газ. За последние три года в Дагестане отмечают сокращение объёма нормативных начислений на более чем 1,3 млрд. куб. м.

Такая положительная динамика сложилась по нескольким факторам. Одним из ключевых является активизация населения по использованию «Личного кабинета абонента» и мобильных приложений «Мой газ» и «Газ Онлайн». Ежемесячно занося показания со счётчика, абонент убеждается в том, что расчёты за газ прозрачные, полностью соответствуют фактически потреблённым объемам газа.

Помимо «Личного кабинета» в «Газпром межрегионгаз Махачкала» активно внедряют еще один удобный цифровой сервис - «Газфотоконтроль». С помощью «Газфотоконтроль» абоненты отправляют фото своего счётчика с показаниями поставщику газа. Оба сервиса позволяют передавать показания без необходимости посещения абонентского пункта и без привлечения контролера газового хозяйства.

Поставщик газа в республике Дагестан напоминает, что если абонент не передает показания регулярно, то начисление объемов потребленного газа производится по нормативу. Таким образом у недисциплинированных потребителей газа со временем появляются шестизначные суммы в квитанциях. Для корректных начислений по прибору учета передавать показания счетчика необходимо ежемесячно в период с 23 по 25 число, контролировать работоспособность своего прибора учета газа и письменным заявлением приглашать контролера газового хозяйства для снятия контрольных показаний со счетчика, которые станут основанием для дальнейшего перерасчёта накопившейся задолженности.

Для всех возникающих вопросов в «Газпром межрегионгаз Махачкала» работают специалисты по многоканальному номеру **8-800-200-98-04.**

## Объявление

**Уважаемые потребители электроэнергии!**

В связи с изменением гарантирующего поставщика электроэнергии просим Вас передать показания электросчетчика до 01.07.2026г. во избежание образования необоснованной задолженности.

**Способ передачи:**

Личный кабинет на сайте поставщика услуг;

Мобильное приложение «Свет онлайн»;

По телефонам работников отделения: **+79094811536, +79034691345, +79640232255, +79064472906;**

В клиентском офисе поставщика.

Своевременная передача показаний гарантирует корректный расчет платы за электроэнергию, исключает перерасчеты и споры по необоснованной задолженности и, главное, экономит Ваше время и нервы.

А также напоминаем, что несвоевременная передача показаний электросчетчика, даже при своевременной оплате, может привести к возникновению задолженности по трем разным диапазонам цен на тарифы, в связи с введением дифференцированных тарифов.

При передаче фото показания необходимо указать Ваш 13-ти значный платежный код, например (050123000XXXX). Ф.И.О, населенный пункт.

По возникающим вопросам обращайтесь в офис поставщика услуг.

**БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич (87273) 2-52-44**

**Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна**

**Техникияй редактор МухIамадова Батул МухIамадовна**

**Редакцияльул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4**

**«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)**

**Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»**

**Тираж - 1003**

**Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)**

**Адрес электронной почты Golostsumady@mail.ru**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.**

**Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.**